

Flanbo Verite A



**PISANS POU
TRANSFOME**

(Gade istwa sa a nan paj 14)

Mas - Avril 2019 | Volim 10 Nimewo 2

TAB MATYÈ

Pisans pou Transfome	14
Editoryal	3
Pi Lwen Pase Pwotestan yo	
Chapit 4.....	4
Mak Kote M' Prale a	13
Jouk Jezi a	16
Seksyon Paran	
Apèl pou Monte	
Leson 8c.....	22
Istwa Biblik	
Ekriti sou Miray la	18
Resèt	
Salad Poul ak Pomdetè	25
Seksyon Jenn	
Yon Ti Pri pou Peye	
Chapit 22a.....	26
Seksyon Timoun	
Marta Fè Move Jijman.....	30
Aktivite Timoun	34
Kisa W'ap Tann Konsa ? ...Kouvèti Dèyè	

Komite

Direktè

Dale E. Heisey
Duane Nisly
Mark Yoder
Paul Schrock
Noah Schrock
Antonio Valverde
Jesús Villegas
Sanford Yoder

Editè

Duane Nisly
Matthew Morhart

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15
Pital de San Carlos
Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se
Publicadora La Merced, ki
sitiye nan Santa Rita de
Rio Cuarto, Costa Rica, ki
piblilye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCED se yon konpayi
k'ap piblilye liv nan yon bi
pou yo pwopaje Levanjil
la. Yo pa fè sa pou lajan.
Okontrè, yo fè sa pou yo
pwopaje bon jan doktrin
biblik dapre kwayans
Anabatis yo, epi yo fè sa
pou sila yo k'ap resevwa
literati sa yo kapab jwenn
bon konsèy pratik pou
aplike nan lavi yo.

Desen Kouvèti a :
Randall Nisly

Editoryal

Chè lektè :

Jezi te bay kék avètisman pou prepare nou pou yon seri danje ki gen pou parèt anfas legliz la. Apòt Pòl te fè menm bagay la tou. Jounen jodi a, plis pase anvan, n'ap gade tout danje sa yo devan je nou. « *Pran prekosyon nou ak fo pwofet yo. Yo pran pòz ti mouton yo lè y'ap vin sou nou, men nan fon kè yo, se bèt devoran yo ye* » (Matye 7.15). « *Mwen konnen tou, apre m' fin ale, gen moun k'ap vin nan mitan nou pou kraze legliz la, tankou chen mawon nan yon bann mouton* » (Travay 20.29). Jounen jodi a, legliz Kris la ap fè fas avèk yon bann gran desespyon lènmi an voye sou legliz la. Desespyon sa yo vini youn apre lòt tankou lanm lanmè. Lènmi an ap eseye detounen epi detwi legliz la.

Yon frè t'ap pale sou kijan li te panse pi gwo menas legliz la te genyen se te pèsekisyon ki sòti deyò legliz la epi ki vin tonbe sou kwayan yo. Kounyeya, frè sa a di li konprann bagay yo yon lòt jan. Pi gwo menas la pou detounen epi detwi legliz la se yon seri mouvman k'ap fet andedan legliz la. Nan menm semenn kote frè a t'ap pale avè m' konsa, yon lòt frè te pran egzanp sou yon avyon ki te kraze nan mòn peyi Lafrans. Sa te nan nouvèl yo, epi tout moun te wè li. Sanble se te youn pamidé (2) pilòt yo ki te fè espres pou l' lage avyon an toudwat nan mòn yo. Frè a ki t'ap pale a te fè nou sonje kijan ayewopò yo sitèlman pran prekosyon nan jou sa yo pou teworis yo pa ka rive fè dega ak vol sa yo. Yo byen gade tout malèt yo byen. Yo pase pasajè yo nan aparèy. Men, kilès ki te ka imajine youn pamidé k'ap travay nan avyon an tapral deside jete avyon an atè ? Ala yon bagay terib ! Se pa t' youn pamidé pasajè yo ki te oblige pase nan sekirite anvan li monte avyon an ki te fè sa, ni se pa t' yon moun ki te fè pati yon yve gang k'ap chache vanje ak lemonn, ni se pa t' yon moun ki te konn fè okenn krim pou ta fè chèf yo gade l' de (2) fwa. Okontrè, se te yon moun andedan direksyon avyon an menm. Se te youn pamidé moun yo ki te reskonsab pou fè avyon an byen mache ki te fè dega a. Se te yon moun tout lòt yo te fè konfyans. Danje a te andedan, epi pèsonn pa t' wè l'.

Bib la avèti nou sou kijan Legliz Kris la va fè fas ak kalite danje sa yo tou. Jounen jodi a, se sa n'ap viv. Konbyen legliz, epi konbyen lavi ki déjà viktim ? Lènmi an ap mache tankou yon lyon k'ap chache moun pou l' devore. Sa se vre. Men li konn pran pòz zanj limyè tou.


Ann retounen nan Pawòl Bondye a pou n' genyen yon bon mezi nan men nou lè n'ap evalye sa nou tandé. Sa va pwoteje nou kont danje yo ki anfas nou jodi a andedan Legliz Kris la.

Dwann Nisli

Pi Lwen Pase Pwotestan Yo

—Dal E. Aysi


Chapit 4 De (2) Wayòm Yo



Imaj 1¹

Se te 28 Oktòb nan lane 312. De (2) lame te kanpe youn anfas lòt bò yon pon ki te rele Milyan, pa twò lwen lavil Wòm. Jeneral la ki bon nan batay sa a, tapral devni nouvo anperè a pou anpi Woman an, ki se te gran pisans lan alepòk. Nan jou swa anvan batay la, Konstantin, youn pami de (2) jeneral sa yo, te deklare li te fè yon vizyon. Li te wè yon kwa parèt nan syèl la pandan soleÿ la tapral kouche. Li di mo Laten sa yo te parèt tou : « IN HOC SIGNO VINCES » (selon siy sa a ou va pote laviktwá). Nan demen, lame Konstantin an te bat vre. Avèk viktwa sa a, lavi legliz la nan wayòm Women an te pran yon lòt direksyon. Anperè Konstantin

¹. Dragon an reprezante Satan, nepe a reprezante leta a, epi kwa a reprezante Kretyènte. Lè Konstantin te fè vizyon kwa a, li te pran sa kòm yon siy pou l' mele legliz la avèk leta a. Imaj sa montre nou kijan sa pa posib—sa sòti nan dyab la.



Imaj 2²

te swadizan konvèti, epi li te fè moun yo pentire yon kwa sou plak pwotèj chak sòlda. Apre sa, nan yon dokiman ki rele Deklarasyon Milyan an, li te deklare Levanjil kòm « reliyion ofisyèl » la pou tout peyi a. Jan yo te konn pèsekite Kretyen yo oparavan, sa te kanpe sèk. Li te kòmanse onore Kretyen yo pito epi ba yo gwo avantaj ekonomik ak avantaj sosyal. Èske viktwa sa a se te yon viktwa pou lafwa Kretyen an ou non ?

* * * * *

Apre kèk syèk kote Kretyen yo t'ap sibi pèsekisyon, kote yo t'ap mouri kòm mati pou lafwa yo te genyen nan Kris, èske se te plan Bondye pou lafwa nan ti Nonm Galile a (Jezi Kris) tounen yon reliyion popilè ki jwenn favè gouvnènman sivil la ? Se enkwayab. Pi devan, apre san (100) ane konsa, pou yon moun patisipe nan lame Women an, fòk li te deklare se « Kretyen » li ye, osinon li pa t'ap kalifye pou li sevi nan lame a. Ki kalite Levanjil sa te ye ?

Nesans yon Lafwa Mele

Se seri evènman sa yo anpil moun site kòm yon gran viktwa pou legliz Kris la. An reyalite, se evènman sa yo ki make chit legliz la pito. Se te yon vye maryaj kote moun te marye kwa Kris la ansanm avèk yon nepe. Yo te marye legliz ak leta. Konsa, yo te kreye yon melanj ki pa t'ankò egziste oparavan. Nan byoloji yo pale sou ibrid. Yon ibrid se yon ras nouvo ou twouve lè de (2) ras diferan pwodwi yon pitit. Ibrid la resevwa tout bon kalite yo ki prezan nan chak ras ki fe li, konsa li siperyè. Men ibrid yo genyen yon defo. Yo esteril ! Yo pa kapab repwodwi. Kòman legliz la kapab kontinye grandi lè li mete tèt li ansanm avèk leta a nan mache fe lagè ? Ki kalite disip moun lan va ye si se menas vyolans ki pouse li resevwa batèm ? Nan sistèm dwòl sa a, kò Kris la, ki vle di sila yo ki jwenn delivrans nan san Kris, te devni yon lòt bagay. « Legliz » la te tounen yon gwoup moun gouvnènman an te pouse pran tèl pozisyon pa fòs. Sèl la te pèdi gou l' !

2. Chak bann sòlda Women te toujou pote yon drapo. Oparavan se te yon èg, men Konstantin te chanje sa. Li te mete yon desen konsa sou li (se yon senbòl ki sòti nan premye de [2] lèt nan non Kris la nan lang grèk.

Kijan « legliz » sa a kapab kanpe devan definisyon Jezi Kris te bay pou legliz Li a : « *Se limyè nou ye pou moun sou latè...* » (Matye 5.14) ? Nan priyè Li te fè a, Jezi te di moun pa L' yo : « *nan lemonn lan toujou* » men « *lemonn rayi yo paske yo menm yo pa moun lemonn* » (Jan 17.11, 14, 16). Men sa Jezi te di devan Pilat : « *Nan peyi kote M' Wa a, se pa tankou peyi ki sou latè. Si gouvènman peyi kote M' Wa a te tankou gouvènman peyi ki sou latè, sèvitè M' yo ta goumen pou Mwen. Yo pa ta kite M' tonbe nan men Jwifyo. Non. Nan peyi kote M' Wa a, se pa tankou peyi ki sou latè.* » (Jan 18.36). Epi ankò, lè Sovè nou an te vle eklèsi gran diférens lan ki genyen ant lavi Kretyen an ak lavi nan lemonn, Li te itilize yon ilistrasyon : yon chemen ki laj epi fasil ki mennen nan destriksyon, epi yon chemen etwat epi difisil ki mennen nan lavi. Sou dezyèm chemen an, Jezi te deklare « *pa gen anpil moun ki jwenn li* » (Matye 7.13–14). Nan sa Jezi te anseye, nou pa wè okenn ibrid ! Imaj Bib la ban nou pou legliz la se « mouton ki nan mitan chen mawon. » Li ban nou imaj yon jaden kote bon ti plant ble yo mele ansanm ak yon bann vye zèb, epi se tann y'ap tann yon dènye rekòt kote yo va separe ble yon bò epi move zèb yon lòt bò. Legliz la se « etranje ak peleren » ki pa gen yon vre kote ki pou yo viv isiba. Se chache y'ap chache Sila ki gen pou vini an (Ebre 13.14). Nan ilistrasyon sa yo, pa gen melanj ; ibrid la pa egziste vre.

Lide sa yo prepare nou pou n' kontinye gade prensip biblik yo ki detaye vrè legliz Kris la ak vrè kwayan yo. Bib la pale sou de (2) wayòm ; genyen wayòm Kris la ki nan mitan wayòm lemonn san li pa fè pati wayòm lemonn. Diferans lan ki egziste ant de (2) wayòm sa yo pa toujou remakab. Diferans yo rann sa klè kijan de (2) wayòm sa yo pa kapab mache ansanm menm. Se sa ki sèvi baz pou doktrin separasyon an. Legliz separe ak lemonn. Separasyon sa a pa kanpe sou ki kalite lavi moun yo mennen ase, men li plis kanpe sou nouvo vi a nou genyen nan Jezi Kris. Nenpòt kote Kretyen an ye, l'ap viv san l' pa konfòme ak lemonn. Kretyen yo toujou diferan. Chè lektè, èske ou twouve sa dwòl pou nou di chak moun k'ap viv sou latè sanble avèk « wayòm » kote l'ap viv la ? Non ! Se nòmal. Souvan ou pa bezwen gade yon moun de (2) fwa pou konnen nan ki wayòm l'ap viv. Yon ti koudèy sifi. Men, Satan pa dakò pou diferans lan parèt aklè konsa. Li se mèt konfizyon. Se poutèt sa li te vini avèk afè ibrid la ; se yon fason pou l' eseye toufe limyè a.

Leta ak Legliz—yon Ibrid

Leta a se yon enstitisyon Bondye etabli. Bi leta a byen detaye nan Women chapit 13. Bondye bay leta a otorite, epi tout moun dwe respekte otorite sa a. Leta a sipoze ap chache byennèt sitwayen l' yo. Li dwe pini kriminèl. Li dwe antre lajan nan fòm taks. Li dwe kenbe lòd nan sosyete a. Devwa kretyen an se onore chèf leta yo, priye pou yo, obeyi tout lwa yo ki pa kanpe kont lalwa Bondye a, epi peye taks. Pa kont, fonksyònman leta a ak fonksyònman legliz Kris la se de (2) bagay diferan, menm jan objèktif yo diferan. Èske Kris te di moun pa L' yo « gen pouvwa pini moun » (Women 13.4) ? Èske se wòl legliz la pou « *fè nou wè kòlè Bondye lè y'ap pini moun ki fè sa ki mal* » (Women 13.4) ? Nan Women 12.19, nou jwenn sa a : « *Mezanmi, pa tire revanj. Men, kite kòlè Bondye fè travay li; paske men sa ki ekri nan Liv la : Se Mwen menm sèl ki gen dwa tire revanj, se Mwen menm sèl ki va bay moun sa yo merite. Se Bondye menm ki di sa.* » Èske legliz la sipoze fè moun peye taks ? Èske legliz la sipoze genyen tribinal ki voye moun nan prizon epi kondane moun a lanmò ? Repons lan pou tout kesyon sa yo se : « Non ! » Men, ibrid la ki te kòmanse avèk Konstantin kontinye patisipe nan bagay sa yo jouk jodi a.

Se pa tout Kretyen alepòk ki te asepte inyon legliz la avèk leta a ansanm avèk ibrid li te kreye a. Anpil nan yo te konnen yon vrè disip se yon moun ki separe tèt li ak lemonn epi ki resevwa Sentespri a. Vrè disip la sibi transfòmasyon nan lide li epi nan lavi li kote peche pa domine sou li ankò. Lemonn pèvèti a pa gen pouvwa sou vrè disip Kris la. Kretyen sa yo te konsyan ou pa kapab « fè disip » lè ou pouse do moun pou yo antre nan yon rivye pou yo resevwa batèm. Yo te konnen pèsonn moun pa Kretyen vre si li pa fèt yon dezjèm fwa selon lafwa nan Pawòl Bondye a.

Lidè yo ki t'ap dirije mouvman ibrid la te chache kèk fason pou yo defann pozisyon yo. Youn pamí yo te rele Ògostin de Ipo. Li te eseye defann nouvo relijyon an avèk yon teyori ki te ase enteresan. Li te di konsa : Tout anpi Women an te devni Kretyen yon sèl kou paske se Milenè a ki te rive. Konsa, pou Ògostin, bon lapè politik la ki te egziste nan anpi Women an te egal avèk lapè inivèsèl la Bib la prezante kòm Milenè a. Lòt lidè refòm yo ki te swiv Ògostin te adopte menm pozisyon an. Lè Maten Litè te reyalize pifò moun nan peyi Almay te kite kwayans katolik la pou yo asepte doktrin refòm li t'ap anseye a, li te mete nan tèt li se te

kòmansman Milenè a, jouk li te deklare lemonn tapral rive nan bout li nan mwa Fevriye 1524 ! Se nòmal pou li te panse konsa, paske li te panse anvan dat sa ta rive, tout peyi a nèt t'ap gentan « antre » nan Kretyènte !

Kisa ki te rive sila yo ki te wè tout bagay sa yon kòm yon chit olye yon gran viktwa ? Yo te soufri plis pèsekisyón. Poukisa ? Tout abitan yo to oblige asepte lafwa a leta a t'ap pouse sou yo, osinon leta a te gade yo kòm rebèl ki koupab fè yon kou. Men, ki kote yon moun ka jwenn otorite pou l' pouse tout moun adopte tèl lafwa ? Moun refòm yo te twouve yon repons nan Lik 14.23 : « *Mèt la di domestik la : Ale nan gran chemen ak nan tout ti wout. Mezi moun w'a jwenn, fè yo antre pou kay mwen an ka plen.* » Pou sila yo ki pa t' vle soumèt devan legliz leta a, se lanmò ki t'ap tann yo. Men ki kote Jezi te anseye legliz Li a pou yo touye payen yo ? Jezi te anseye legliz la pou yo gade moun ki refize obeyi yo kòm « etranje. » Li pa t' mande legliz la pou touye yo (Matye 18.15–17). Yon bon valè moun ki te refize mete tèt yo ansanm avèk leta a te sibi pèsekisyón ki te vrèman dwòl epi di.

Si nou se moun ki damou pou verite a, nou ta dwe poze tèt nou yon lòt kesyon ankò anvan nou kite pwen sa a : Ki rapò Jezi te genyen ak leta a pandan Li t'ap viv sou tè a ? Repons lan senp. Jezi te toujou apa. Lè yon nonm te vle peze Jezi pou Li fè desizyon sou yon eritaj de (2) frè t'ap separe, Jezi te di konsa : « *Zanmi Mwen, ki moun ki mete M' pou jije afè nou osinon pou fè pataj pou nou ?* » (Lik 12.14). Ankò, lè foul la te vle pran Jezi pa fòs pou kouwone L' kòm wa, « *Li wete kò L' ankò sou ti mòn lan, men fwa sa a pou kont Li* » (Jan 6.15). Jezi te refize antre nan politik. Li te vini pou Li : « *chache sa ki te pèdi pou L' delivre yo* » (Lik 19.10). Yon lè, Jezi te remake yon dezi pou-vwa lakay disip Li yo. Li te di yo konsa : « *Nan tout peyi, wa se kòmande yo kòmande, moun ki chèffè nou rele yo Bon Papa.* ²⁶Men pou nou menm, se pa konsa pou sa ye. Okontrè, sa k' pi grannèg nan mitan nou an, se pou l' tankou pi piti a ; sa k' ap kòmande a, se pou l' tankou sa k' ap sèvi a » (Lik 22.25–26). Jezi te kontinye pale toujou pou Li esplike kòman Li te vini pou L' rann sèvis epi pou Li bay lavi Li. Donk, Li kite yon egzant pou n' swiv. Legliz Kris la rete apa. Legliz Kris la separe avèk leta, epi li kontinye fè ministè Fondatè Li a—Jezi Kris.

Legliz ak Lemonn

Genyen yon ibrid k'ap afekte asanble evanjelik yo jounen jodi a, epi li ka lakòz kèk konsekans rive sou nou. Konsekans sa yo kapab pi serye pase sa nou te dej a gade. M'ap pale sou jan legliz la alèz nan lemonn. Limyè temwayaj legliz la pa briye ankò. Jounen jodi a, legliz la ap mache nan yon moman solèy kouche kote jou a prèske fini, epi nwit lan prèske rive. Genyen anpil kote limyè a etenn menm. Men kòman sa posib ? Kòman legliz la te pèdi kapasite pou l' disènen ant sa ki sen epi sa ki sal ? Kòman legliz la te pèdi kapasite pou li konnen sa ki biblik ak sa ki kiltirèl ? Kòman legliz la fè mache men nan men ak lemonn pou ale nan match foutbòl ? Kòman yo fè mache ansanm pou al' achte nan magazen k'ap vann rad tout nouvo estil yo. Legliz ak lemonn ale nan menm magazen bijou a pou achte menm chenn lò yo. Kòman sa ? Yo al benyen nan lanmè avèk menm rad ki pa kache kò yo. Kòman legliz ak lemonn kapab ale nan inivèsite ap chache yon seri diplòm Kris pa t'ap janm dakò pou yon disip ta chache posede ? Epi, lè yo rive nan fen jounen an, moun ki swadizan Kretyen chita devan yon tele pou ranpli lespri yo avèk bagay mechanste, avèk « **move lide ase** » (Jenèz 6.5). Kòman sa kapab fet nan legliz Kris la ?

Pou n' ka reponn kesyon sa a, ann retounen reflechi ankò sou legliz teritwa a. Tout moun konnen byen si nou annik chwazi tèl zòn oubyen tèl katye konsa konsa, nou p'ap janm rive jwenn yon katye kote tout moun nèt gentan repanti pou peche yo, epi ki gentan resevwa lavi nouvo nan Kris. Lidè yo nan legliz ibrid la konn sa tou. Se la menm teyoloji sa a te pran nesans. Depi nan kòmansman an, teyoloji sa a se te yon fason pou esplike kondisyon espirityèl legliz teritwa a. Ògostin se te youn pami premye teyolojen yo ki te envante panse sa a ki di : « Sentete legliz la se pa nan sentete manm li yo, ni nan sentete gadò li yo, okontrè, se objèktif legliz yo ki sen.³ » Ansanm avèk doktrin sa a, genyen yon lòt doktrin ankò ki te pran nesans—yon doktrin ki marasa avè l'. Doktrin sa a rele « eklesiyola en eklesya » ki pale sou yon ti legliz ki sen ki kache nan mitan gran legliz la, ki se ibrid la. Maten Litè te viv nenpòt 1 100 ane pita, men li te konstwi sou menm fondasyon doktrin sa a. Litè te wè sali kòm yon tranzaksyon legal ki chanje pozisyon yon moun devan Bondye. Li pa t' wè sali kòm yon lavi diven ki chanje fason moun lan ye ansanm ak fwi li pwodwi yo. Yon moun ki saj nan refleksyon li yo p'ap mal pou rekònèt kijan teyoloji sa a soulaje

3. Doktè Kal S. Meyè, *Legliz la depi Lapannkòt jouk prezan (Près Moudi Chikago, 1969)* paj 49.

konsyans legliz ibrid la. Si sa yo di se vre, jan yon moun mennen lavi li pa vle di anyen ditou depi li « fè pati legliz la. » Kalite panse sa yo prezan pamì nou jounen jodi a.

Kisa Lemonn ye ?

Nouvo Kontra a itilize mo « kosmòs » (ki vle di lemonn) nan plizyè fason. Pafwa mo a fè referans avèk lemonn Bondye te kreye a, ki vle di latè natirèl ak tout linivè a. Pafwa menm mo a fè referans avèk lòm an jeneral (tout moun), tankou nan Jan 3.16. Souvan menm mo a fè referans avèk kondisyon aktyèl la kote lòm ap viv separe ak Bondye epi kont volonte Bondye (nou jwenn sa twa [3] fwa nan 1 Jan 4.5). Nan 1 Jan 2.15, nou jwenn yon lòt kote mo a pale sou kondisyon aktyèl lòm lan : « *Pa renmen lemonn, ni anyen ki sòti nan lemonn. Si yon moun renmen lemonn, li pa gen renmen pou Papa a nan kè li.* » Bib la fè nou konnen sa ki sou latè se anba pouwwa Satan li ye (1 Jan 5.19). Nan Efezyen 6.12, yo pale sou « kosmòkrator » a. Se yon mo Grèk ki fè referans sou Satan. Bib la pale sou « *chèf ak pouvwa ak otorite k'ap gouvènen nan fenwa ki sou latè a* » (Efezyen 6.12). Se poutèt lespri sa yo Kretyen an ta sipoze mete zam Bondye yo sou li pou l' goumen. Lide sa a vin pi klè toujou grasa 1 Jan 2.16 kote li pale klè sou kisa ki nan lemonn. « *Se egzijans lachè, se gwo tantasyon, se lògèy k'ap vire tèt moun lè yo gen anpil byen sou latè. Tou sa pa sòti nan Papa a. Se nan lemonn sa sòti.* » Koulye a, ann reflechi : Lè yon Kretyen poze yon aksyon, oubyen lè li patisipe nan yon aksyon ki genyen youn nan twa (3) eleman sa yo ladan li, li vin anba kontwòl kosmòkrator a epi li fè volonte Bondye (1 Jan 5.19).

Men yon egzanp : legliz la nan tout zòn Lamerik Latin yo ap viv yon revolisyon nan afè abiman, sitou pou abiman medam yo. Grasa jounal, televizyon, touris, epi menm kèk misyonè ki sòti Etazini, ti jip kout gentan antre nan kilti medam yo. Li pa' la oparavan. Anpil fwa, legliz la te annik asepte abiman sa yo kòm yon ti chanjman inosan. Men, kòman gras Bondye a ka pèmèt yon erè si grav konsa ? « *Bondye fè konnen favè L' pou tout moun ka delivre.* ¹² *Favè Bondye a mande nou pou nou kite move lavi nou t'ap mennen an ansanm ak tout move lanvi ki nan lemonn, pou nou ka mennen yon lòt lavi ki kontwole, ki dwat, ki devwe pou Bondye pandan nou sou latè a* » (Tit 2.11–12). Lè yon moun gade sa Bib la anseye sou sentete, sou abiman modès, sou sa ki kontwole, sa ki dwat, ak sa

ki devwe pou Bondye, si l' ta mete yon ti jip kout sou li epi al mache sou moun, kòman li kapab mete nan tèt li Bondye asepte yon bagay konsa ? Ki kote ti jip kout la sòti ? Li sòti nan lachè. Se nan lanvi li pran nesans. Se vanite. Donk, li sòti nan lemonn epi li va pase ansanm ak lemonn ansanm ak sila yo ki te envante l', ki pwodwi l', epi ki achte l' mete l' sou yo.

Leve non, legliz Bondye a ! Reveye nou ! Kòman yon asanble kapab pèmèt kalite bagay sa yo pou l' toujou di se yon legliz li ye ki selon Bib la ? Se yon ibrid li ye pito, yon melanj legliz ak lemonn. Se bagay sa yo ki fè Bondye rele konsa : « *Sòti nan mitan moun sa yo. Pa mele ak yo. Pa manyen anyen nou pa dwe manyen. Lè sa a, Mwen menm, M'a resevwa nou. M'a tankou yon papa pou nou. Nou menm, n'a tankou pitit gason M' ak pitit fi Mwen. Se Mèt ki gen tout pouvwa a ki di sa* » (2 Korent 6.17–18).

Kijan nou ka viv separe ak lemonn ? Se pa lè nou izole tèt nou yon kote apa tankou mwàn yo konn fè. Se pa lè nou fè kòmsi se obeyisans devan lalwa k'ap sove nou. Abstinans pa sifi nonplis. Yon moun ka pratike abstinans pou yon seri bagay pandan li toujou chanèl, ògèye, epi egoysis. Sèl bagay ki kapab libere nou anba lemonn se Sentespri a ki ede nou viv yon lavi pou Jezi Kris. Se sèlman lè nou patisipe nan nati diven an nou kapab chape anba koripsyon ki genyen nan lemonn poutèt vye lanvi nou yo. Se lè nou veye, priye, fè jenn, epi apiye sou pisans anwo a nou kapab resi evite tonbe nan tantasyon. Lè yon moun blyie tèt li pou l' mache nan kominyon Kris la, se lè sa a atò lemonn krisifye anvè moun lan pandan moun lan krisifye anvè lemonn anmenmtan. Kijan yon moun k'ap viv pa lafwa nan Pitit Gason Bondye a kapab rive kontamine ? Li tou pwoteje. Sonje Pitit la tèlman renmen nou Li te bay tèt Li pou nou.

Kèk Leson Nou Ka Tire nan Istwa

Pandan tout epòk ki pase yo, te genyen yon seri gwoup frè selon Bib la ki te separe tèt yo avèk legliz ibrid la. Souvan gwoup yo te vrèman piti. Yon lè, yon moun ki te vle kritike frè sa yo te fè deklarasyon sa a : « Yo pran detèminasyon pou yo bay vye lavi lemonn lan do.⁴ » Yon lòt moun te fè remak sa a kont Anabatis yo : « Se byen enteresan pou n' note nan dokiman yo ki te ekri alepòk, si yo te panse yon moun se te yon Anabatis epi moun lan te vle retire chaj la sou tèt li, li te ka annik

4 Jan Öch, *Mennonit yo ann Ewòp (Eskötsdal : Kay Piblikasyon Mennonit, 1942)* paj 368

pale detwa vye mo epi tout moun t'ap konnen li pa Anabatis vre.⁵ » Konbyen legliz jounen jodi a ki genyen manm k'ap pale vye koze deplase, k'ap fè sèman, epi k'ap plede patisipe nan sèvis kominyon yo toujou ? Men pandan te gen pèsekisyon, se te byen difisil pou yon moun separe ak legliz ibrid la pou li mete tèt li ansanm ak yon ti gwoup kote te gen vrè kretyen. Si yon moun te vle viv tankou yon Kretyen an san li pa oblige soufri, kisa li te fè alepòk ? Yon seri moun yo te konn rele « abtofè » alepòk ban nou yon repons ki enteresan. Yon « abtofè » se te mwatyé Anabatis. Yo te kwè menm jan ak vrè frè yo nan fon kè yo, men yo pa t' kite okenn moun konnen yo te kenbe kwayans sa a. Yo te toujou mache nan legliz leta a. Nou te ka di yo t'ap eseye viv nan toude « wayòm » yo alafwa. Yo t'ap di : « Bondye konnen kè m'. Sa ki empòtan se sa ki nan kè ou. » Se menm doktrin sa a ki pèmèt yon moun fè pati legliz pandan li viv menm jan lemonn ap viv. Kòman sa ye pou lafwa pa ou la, chè lektè ? Ki kote ou chache amizman ou ? Ki mizik ou chwazi koute ? Kijan ou abiye ? Ki modèl ou swiv nan afè koze ak fiyansay ? Ki lesyon radyo a ap anseye ou ? Kisa ou tire nan televizyon ak fim ? Poukisa w'ap patisipe nan espò ? Èske ou mete nan tèt ou pa genyen djòlè nan sa ? Kòman ou fè kenbe yon sigarèt nan bouch ou osinon mache bò lanmè ak ti kal rad sou ou ? Nan ki « wayòm » w'ap viv vre ?

Yon moun pa ka fè pati de (2) wayòm diferan alafwa. « *Ak kè kontan, se pou nou di Papa a mèsi, Li menm ki ban nou privilej reservwa pòsyon pa nou nan eritaj Bondye sere pou tout moun pa L' yo nan peyi limyè a.*¹³ *Li rache nou anba pouvwa fènwa a, Li fè nou antre nan peyi kote Pitit Li renmen anpil la Wa.*¹⁴ *Se grammèsi Pitit sa a nou delivre, nou reservwa padon pou peche nou yo* » (Kolosyen 1.12–14).

Kèk ane pase, te genyen yon gwoup frè ki t'ap fè yon sèvis adorasyon andedan yon prizon. Apre sèvis la, youn nan prizonye yo te poze frè yo kesyon sa a : « Di m' non, genyen anpil reliyion epi yo chak di se yo menm ki kòrèk, se yo menm ki biblik. Poukisa pakèt gwoup diferan sa yo ? Kilès nan yo ki vre ? »

Men repons mwen toujou bay pou kesyon sa a : « Anseye Bib la pa sifi pou kont li. Nou bezwen pratike l' nan lavi nou chak jou. Yo rekonèt yon moun dapre fwi li bay la. »

Se repons sa a ki montre nan ki wayòm ou ye, zanmi m'.

(Liv sa a va kontinye nan pwochen edisyon an)

⁵ menm dokiman an, paj 369





Mak Kote M' Prale a

—Sanford Yoder

*« Konsa, m'ap kouri dwat devan m' sou mak kote m' prale a,
pou m' ka jwenn rekompans Bondye rele m'vin resevwa nan syèl
la, granmèsi Jezikri »* (Filipyen 3.14).

Plizyè granmoun cheve blanch te chita ansanm sou yon ban devan yon ti boutik andeyò. Yo t'ap odyanse. Yon jenn tigason te parèt devan yo. Li tonbe pale ak yo sou kijan li konn kouri vit. Se konsa, youn nan granmoun yo te mande tigason an pou yo fè yon kous.

Granmoun lan di konsa : « Gade byen, ann rive nan kafou lòt bò a kote ki genyen poto limyè a. N'a touche poto a epi n'a tounen isi a. Sa ki retounen anvan ap genyen yon dola. »

Tigason an te byen kontan. Pou li menm, se te kach nan pòch li.

Yo te pran pozisyon pou yo kouri. Kou yo tande siyal la, yo toude derape ! Tigason an pati rapid. Li pran devan. Granmoun lan t'ap fè efò dèyè a.

Tigason an te tèlman alèz paske li te devan nèt. Men anvan li te fin rive sou poto a, li te kase tèt tounen san li pa fin touche poto a. Granmoun lan te kontinye dousman jouk li rive nan kafou a epi li mete men l' sou poto a. Tou dousman, li degaje l' pou l' retounen kote yo te kòmanse a. Tigason an, te tou cho pou l' jwenn kòb la. Li lonje men l'. Granmoun lan te souke tèt li. Li di konsa : « Non, non...Ou pa t' rive sou mak la. Ou pa t' fin rive vre. »

Kòm kretyen, objèktif nou se rive nan prezans Jezi yon bon jou. Men, si nou pa kouri ak dilijans, nou p'ap fin rive nan gran jou sa a. Nan Filipyen chapit 3, Pòl avèti nou pou n' dilijan annegad sali nou. Se reskonsabilite nou pou n' fè sèten peche nou yo padonnen. Aprè sa, pandan nou blyie sa ki dèyè, nou mache annavan sou mak kote n' prale a. Mak sa a se gran apèl Bondye ban nou nan Jezi Kris la. Sa vle di nou dwe swiv Senyè a ak fidelite epi ak obeyisans nan lavi nou chak jou.

Nan 2 Pyè 1.10, Apòt la di konsa : « *Se poutèt sa, frè m' yo, se pou nou fè efò plis toujou pou nou rete fèm nan pozisyon kote Bondye mete nou an, Li menm ki rele nou, ki chwazi nou. Si nou fè sa, nou p'ap jamm tonbe.* »

Temwayaj Pòl te bay la anvan li te mouri se te : « *Pou mwen menm, lè a rive kote yo pral ofri m' tankou bèt y'ap ofri bay Bondye, lè a vini pou m' kite lavi sa a.* ⁷*Mwen fin mennen batay la byen mennen, mwen rive nan bout kous mwen, mwen kenbe konfyans mwen fèm nan Bondye.* ⁸*Koulye a, se rekompans mwen m'ap tann pou lavi dwat mwen te mennen an. Lè gran jou a va rive, Senyè k'ap jije san patipri a ap mete rekompans mwen an tankou yon kouwòn sou tèt mwen. Men, se pa mwen ase L'ap bay li. Tout moun k'ap tann ak tout kè yo lè L'a gen pou L' parèt la, va resevwa l' tou* » (2 Timote 2.6-8).



PISANS POU TRANSFÒME

Frè Filip te fèmen Bib li a paske leson dominikal li t'ap anseye a te rive nan bout li. Se lè sa a li te mande elèv yo : « Èske genyen yon moun nou dwe sonje nan lapriyè ? »

Youn nan frè yo te reponn : « Adan Linèz. Mwen wè nou pa priye pou li. »


Touswit yon lòt frè yo te plenyen : « Ka Adan Linèz se yon lòt ka li ye. Nonm sa tèlman fon nan peche pa genyen renmèd pou li ankò. M' ta menm di pa genyen okenn espwa pou li ditou. »

Tout moun te konnen Adan, konsa pèsonn pa t' pale pou eseye korije frè ki te pale a. Frè Filip, te kite yon ti moman pase an silans. Apre sa, li te pran yon moso papye blan ki te nan pòch li. Li lage l' sou yon chèz.

Li di moun yo : « Èske nou wè papye blan sa a ki byen pwòp ? Kite m' montre nou kote papye sa a sòti. » Konsa, li mete yon vye bout twal bò kote papye a. Bout twal la se te yon bagay ou ta jete nan poubèl san reflechi.

Frè Filip te kontinye : « Yon jou, mwen te gen okazyon vizite yon izin kote yo pwodwi papye. Gid la te mennen m' nan yon depo ki te chaje ak vye bout twal tankou sa ki sou chèz la—bagay ki sal epi fini nèt. Nan izin lan, yo te fè yon tiraj pou separe bout twal yo selon kalite twal yo te ye. Yo te mete chak kalite twal nan yon lòt chanm kote yo te koupe yo ti moso ti moso. Apre sa, mwen te swiv pandan yo te melanje bout twal yo nan dlo ansanm ak lacho. Avèk gran presyon, yo te fonn bout twal yo. Apre anpil anpil brase, te vin gen yon seri ti fil, epi aparèy yo te rale yo sòti nan dlo a. Yo te tranpe ti fil sa yo nan dlo ankò jouk yo te tounen yon ma tou blanch. Yo te brase ma sa a ansanm ak dlo ankò epi yo te pase l' nan yon seri filtè jouk yo te lage l' sou yon til. Yon seri gwo woulo te pase peze ma a byen peze pou fè tout dlo a sòti ladan l'. Se te yon ti kouch ma tou fen ki te rete. Alafen, yon woulo tou cho te pase sou li, epi yon seri kouto te koupe l' pou fòme fey tèl dimansyon. Mwen te pran youn nan fèy sa yo, epi mwen te retounen nan depo a pou pran yon vye bout twal tou fini. Men yo, youn bò kote lòt sou chèz la. »

PISANS POU TRANSFÒME



Frè yo nan klas la te gade vye bout twal la. Yo te gade bèl fèy papye blan an. San dout, se te yon chanjman enkwayab.

Frè Filip te kontinye : « Travay sa a ou wè la a se zèv lòm. Yo te kreye aparèy yo ki fabrike papye a. Yo te dekouvre tout etap ki pèmèt chanjman sa a reyalize. Se Bondye ki te kreye moun sa yo epi ki te bay yo kapasite pou yo fè sa yo fè a. Èske Bondye ki bay yo kapasite sa a pi piti pase yo ? Si lòm ka pran yon vye bout twal tou fini epi fè l' tounen yon bèl papye blan, kilès ki gen kouraj pou di Bondye pa kapab pran yon lavi ki sal, ki pèdi, epi refè li nan imaj Ptit Gason Li a ? Mwen kwè gen espwa pou Adan Linèz. Chak fwa mwen tante pou m' mete nan tèt mwen Entèl pa ka sove, mwen gade bout twal sa a ansanm ak bout papye sa a mwen toujou pote nan pòch mwen. Mwen sonje Bondye kapab transfòme moun—menm sila yo ki pèdi nèt. »

Frè a ki te di pa gen espwa ankò pou Adan te pale ankò : « Mwen dakò ak sa ou di a. Mwen pa t' dwe di sa m' te di a. Mwen konsyan Bondye kapab sove epi transfòme Adan. Mwen pral priye pou li epi chache sali pou li avèk konviksyon epi ak konfyans. Bondye ka reponn priyè nou yo. »

—L. L. Witmann

Atik sa a sòti nan : *Levanjil la pou Jèn yo*



Jouk Jezi A



« *Vini juvenn Mwen, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, M'a soulaje nou.* ²⁹*Pran jouk Mwen, mete l'sou zepòl nou. Pran lesoun nan men Mwen. Paske Mwen dou, Mwen toujou soumèt Mwen tout bon devan Bondye. Konsa, n'a viv ak kè poze.* ³⁰*Paske, jouk M'ap ban nou an fasil pou pote, chay M'ap ban nou an pa lou* » (Matye 11.28–30).

Nan pasaj sa a, Jezi te pran egzantp sou yon senp objè ki te toujou itil moun anpil depi nan tan lontan : yon jouk. Depi Jezi te itilize mo « jouk » la, moun yo ki t'ap koute L' te deja genyen yon imaj nan tèt yo. Yo te wè yon pè bèf k'ap trennen yon chari osinon yon wagon. Ilistrasyon an te pouse yo reflechi sou de (2) bèf k'ap travay ansanm kòtakòt pou rale yon chaj ki twòp pou yon sèl bèf. Se grasa yon gwo bout bwa ki rele yon jouk yo kapab mete ansanm pou rale chaj la. Ilistrasyon an te konsyantize moun yo sou kijan se te bout bwa sa a ki te pèmèt bèf yo reyisi nan sa yo t'ap fè a. Jouk la te mare yo ansanm youn ak lòt pou yo pa separe, epi se te yon enstriman ki te kalifye yo pou reyalize travay la ki devan yo. Nan epòk kote Jezi t'ap viv la, epi nan epòk pa nou an tou, jouk la se yon bagay ki nesesè. Nan lavi kretyen an, jouk la nesesè tou. Ann gade detwa egzantp ki ka montre nou sa.

1. Jouk la se yon enstriman ki fè nou jwenn repo.

Imajine yon timoun k'ap pote yon bokit plen dlo. Bokit la lou, epi timoun lan mal pou jere l' sou tèt li san l' pa tonbe. Li anvi montre jan li djanm, epi konsa li goumen ak bokit la, men rive yon lè li bouke twòp. L'ap goumen toujou lè yon granmoun parèt. Granmoun lan ofri pran bokit la pou li. Vizaj timoun lan chanje. Konsantrasyon ak mizè tounen kontantman.

Se konsa sa ye pou jouk la Jezi ofri nou chak. Li vle ede nou pote fado yo ki reyèl nan lavi sa a. Jezi pa retire fado a konplètman sou nou, men Li soulaje chaj la pou n' ka sipòte, epi Li mache ansanm avèk nou. Li ofri pou Li rete bò kote nou nan mitan difikil yo, epi pandan Li la, Li ban nou fòs pou n' pote chaj la ki toujou la. Se nan fason sa a yon esperyans ki di epi ki ranpli ak doulè, kapab devni yon esperyans kote nou viv gras Bondye a andedan nou. Pase pou n' sibi yon blese ki fè n' mal plis, nou twouve gerizon ak soulajman pito.

2. Jouk la se yon enstriman ki ede nou konnen kilè pou n' kanpe epi kilè pou n' avanse.

Yon bèf ki jouke ansanm ak yon lòt bèf twouve l' nan yon sityasyon kote li oblige mache lè lòt la mache. Lè lòt la rete, li oblige rete tou. Pafwa nan lavi kretyen an, nou vle avanse pandan Bondye vle pou n' rete kote n' ye a. Yon jenn tigason adolesan anvi avanse pou l' pran yon seri desizyon pou kont li san paran l' yo pa ka di anyen nan sa. Yon jennom vle avanse fè kèk esperyans seksyèl san li pa marye. Yon jenn madmwa-zèl anvi kouri marye pandan paran l' ansanm ak lòt granmoun legliz konseye l' pou li tann toujou. Genyen anpil lòt egzant konsa nou te ka bay.

Pafwa jouk Kris la ankouraje nou kontinye mache pandan nou pa vle avanse menm. Santiman ak preferans nou yo di nou rete, men Kris di nou avanse toujou. Lè sa a, fok nou swiv sa Jezi di. Konsa tou, jouk Kris ban nou an fè n' rete pafwa pandan nou ta pito avanse plis. Genyen yon gran konfizyon nan doktrin legliz la sou pwen sa a jounen jodi a. Ou ka jwenn anpil moun ki di yo p'ap fè tèl bagay « toutotan yo pa santi sa nan kè yo. » Lè sa a, obeyisans moun lan vin esklav santiman l' yo. Bib la anseye nou pou n' padonnen moun ki fè nou mal menmsi nou pa santi nou ta vle fè sa. Se yon kòmandman li ye. Se obeyi pou n' obeyi l', swa nou santi nou vle fè sa, oswa nou santi nou pa vle. Fòk nou mouri anvè santiman nou yo epi annik obeyi Kris la. Se menm bagay la pou afè renmen pou frè sè yo. Nou pa rete ap tann pou lè nou santi renmen nan kè nou pou Entèl. Non. Nou renmen Entèl paske Bondye ban nou lòd fè sa. Jouk la fè nou konprann nou bezwen obeyi dabò. Santiman yo ka vini apre. Se menm bagay la toujou pou afè renmen pou lènmi nou yo. Sa pa natirèl. Men, jouk Kris mete sou nou an anseye nou pou n' obeyi menmsi nou poko santi nou vle fè sa. Èske se pou rezon sa a « ...gen anpil moun malad konsa nan mitan nou, anpil moun k'ap soufri feblès » (1 Korent 11.30).

(kontinye nan paj 20)

EKRITI SOU MIRAY LA

Yon Mesaj pou Bèlchaza

Kounyeya yon nouvo wa ki te rele Bèlchaza t'ap gouvènè peyi Babilòn. Yon jou, wa a te envite 1 000 nan prens ak gwo chèf li yo nan yon fet pou onore bondye li yo.

Wa Bèlchaza t'ap fete ak envite li yo, yo t'ap bwè diven epi t'ap amize yo. Sanzatann, yo te wè yon men k'ap ekri sou miray la. Tout je te fikse sou dwèt sa yo pandan yo t'ap ekri yon kalite mo pèsonn pa t' kapab konprann.

Kounyeya, rejwisans lan te kanpe. Yon silans total te domine tout sal fet la. Figi wa Bèlchaza te chanje koulè epi jenou li yo t'ap tranble ak perèz. Li te rele : « Mennen majisyen yo ak moun save yo ! Nenpòt moun ki li mo sa yo epi ki ka di mwen sa yo vle di va jwenn yon gwo rekompans ! »

Yo te mennen nèg save yo touswit bay Bèlchaza. Men yo youn pa t' kapab li ekriti a ni esplike sa li te vle di nonplis. Epi, renn lan te vin kote wa a. Li te di : « Pa pè, pa fache ; nan wayòm ou a gen yon nonnm granpapa ou te mennen sòti nan peyi Izrayèl kòm prizonye. Non li se Danyèl. Lespri bondye yo nan li, epi li kapab esplike ou sa mo yo vle di. »

Konsa, wa Bèlchaza te voye chache Danyèl. Lè li te rive, wa a te di li : « Mwen tande ou kapab rezoud tout kalite mistè. Si ou kapab esplike mo sa yo, m'ap abiye ou ak wòb wouj, m'ap mete yon chenn lò nan kou ou, epi m'ap fè ou vin twazyèm chèf nan wayòm mwen an. »

Danyèl te reponn : « Kenbe kado ou yo, oubyen bay yon lòt moun yo. Men mwen pral esplike ou sa mo yo vle di kanmenm. Bondye rayi lògèy ki nan kè ou. Ou te bwè diven nan gode lò ou te pran nan tanp Li nan peyi Izrayèl. Epitou, ou fè lwanj pou bondye ki fet ak ajan, lò, bwa, ak wòch. »

Wa a te koute ak atansyon pandan Danyèl te kontinye pale ak otorite : « Poutèt sa, Bondye te voye mesaj sa a : Konte, Konte, Peze, Separe. Sa vle di : Bondye mete fen nan wayòm ou a. Ou echwe nan tès la. Li pral remèt wayòm ou a bay moun Medi ak moun Pès yo. »

Pawòl Danyèl yo te rive menm jou swa sa a. Moun Medi ak moun Pès yo te touye Bèlchaza epi yo te pran wayòm li a.

Danyèl chapit 5



Bèlchaza tranble ak perèz pandan li wè ekriti sou miray la.

Awogans fè moun pèdi pye. Men, y'ap respekte moun ki soumèt devan Bondye.
 (Pwovèb 29.23)

1. Èske wa a te pè lè li te wè men ki t'ap ekri a ?
2. Kiyès ki te di wa a sa ekriti a te vle di ?
3. Kisa mo yo te vle di ?

Itilize avèk pèmisyon :
 Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio
 Atik sa a sòti nan : 101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La © 1994

Moyiz se yon bon egzanp kòman sa ye lè yon moun avanse pandan li te dwe rete, epi lè yon moun refize mache pandan li sipoze avanse. Pandan Moyiz t'ap viv nan peyi Lejip toujou, li te santi yon malalèz. Li te konnen Bondye t'ap rele l' pou delivre pèp Li a nan esklavaj (Travay 7.25). Moyiz te mache annavan pou l' ranpli tach li te santi li genyen an. Li te mete nan tèt li frè l' yo te dwe konprann li gen kapasite pou l' fè travay la. Men, lè a pa t' ankò rive selon Bondye. Bondye te vle anseye Moyiz imilite anvan. Li te vle enstwi Moyiz pou li pa konfye pwòp kapasite l' yo ak anbisyon li yo. Moyiz te oblige pase karant (40) ane nan dezè a ap okipe mouton jouk Bondye te rele li fè travay la. Apre karant (40) ane preparasyon sa yo, nou twouve Moyiz te rale kò l' dèyè pandan Bondye t'ap mande li avanse (Egzòd 4.1, 10). Moyiz te mete nan tèt li pèp Izrayèl la pa t'ap janm konprann li te gen kapasite pou mennen yo sòti nan peyi Lejip. Li te pè Farawon an tou. Se lè sa Bondye te di li : « Bon, ou mèt ale. M'a ede ou lè ou gen pou ou pale, M'a moutre ou sa ou gen pou di » (Egzòd 4.12).

Konbyen fwa nou fè menm bagay la ? Konbyen fwa nou rechte jouk Jezi a ?

3. Yon jouk ofri sekirite ansanm ak direksyon

Yon jouk anpeche yon bèf fè pwòp wout pa l' la. Se konsa sa ye avèk jouk Kris la tou. Li anpeche nou vire agòch adwat. Se konsa li ede nou evite yon seri pèlen Dyab la tann pou nou. Jezi itilize jouk la pou Li gide nou nan vre chemen volonte Li a.

Nan Matye 11.28, Jezi ban nou envitasyon pou n' vin jwenn Li. Envitasyon sa a ranpli nou avèk espwa epi ak konfyans. Li ban nou direksyon. Nou p'ap janm bezwen fè fas ak demen pou kont nou. Tout kote Jezi mennen nou, L'ap la bò kote nou. Li va ban nou fòs pou n' akonpli dènye bagay Li ban nou lòd fè. Menmsi nou dwe mouri pou Kris, Li fè nou pwomès n'ap jwenn lavi etènèl.

Si nou pran jouk Jezi a sou nou, nou pa nan mache san objèktif ankò. Jeremi 10.23 di konsa : « Senyè, mwen konnen pèsonn pa mèt tèt yo, pèsonn pa ka kontwole kote yo prale. » Nou pèdi depi nou eseye dirije lavi nou pou kont nou ; sa p'ap janm mache. Pa kont, si nou pran jouk Jezi ofri a, nou genyen yon Moun pou dirije chak pa nou fè. L'a dirije tout gwo desizyon yo nou oblige pran nan lavi sa a. Lè sa a, nou gen asirans ak espwa pou lavni an. Nou ka rive mache ak konfyans depi Jezi jwe wòl dirijan an pou kondwi nou kote nou prale. Nou annik swiv Li.

Yon moun kapab kase jouk sa a pou l' al fè sa li pi pito. Genyen anpil moun ki anvî



jwenn benediksyon Jezi ofri yo, men yo pa dakò soumèt tèt yo devan Li konplètman. Yo mache yon pye andan, yon pye deyò. Lè ou eseye mache konsa, jouk la devni yon pi gwo chaj oubyen yon twoub. Yon bèf ki rebèl epi ki goumen ak jouk la, va rive yon kote kou li blese ap senyen. Jouk la

pral nwi li. Lè yon moun fè konsa, wout Jezi chwazi a devni yon pakèt travay di san okenn plezi. Yon Kretyen ki eseye mache konsa va pèdi kouraj yon lè kanmenm. Li va kite lafwa a.


Genyen moun ki anvi mache ak Jezi, men yo rechte jouk la Kris ban nou nan legliz Li a. Yo pa asepte konsèy frè espirityèl yo ofri, malgre se moun sa yo Bondye mete la pou byennèt pa yo. Yo chimè devan disiplin legliz la. Yo fèb epi yo fristre paske yo pa rekonèt jouk la kòm yon enstriman mizèrikòd Bondye a. Pou moun konsa, frè yo ki ap eseye oryante yo vin tounen yon sèl k'ap agrave blese yo jouk la te déjà kreye nan kò yo. Alafen, yo kite legliz la tou fristre. Yo kenbe frè legliz yo nan kè, epi yo malalèz ak Bondye menm.

Nou te déjà pale sou kijan jouk la parèt kòm yon fado pou anpil moun. Sa deranje yo lè jouk la anpeche yo mache, lè jouk la anpeche yo fè sa yo vle fè a. Yo santi bagay la twò di paske li mande yo fè sa ki difisil pou yon moun fè nan lachè. Men pou Kretyen an ki renmen Bondye tout bon, jouk la se yon vrè benediksyon li ye. Li ban nou garanti yon lavi abondans Bondye te prepare pou moun Li yo. Men, moun lan ki rechte jouk la ap mache nan yon chemen fayit espirityèl.

—Jak Matin



SEKSYON PARAN



Disip Jezi Kris

Lafwa e Santiman

Leson 8c

PERÈZ

Nan denmen maten, domestik pwofet la leve byen bonè, li sòti. Li wè te gen yon gwo lame ki te sènen tout lavil la ak anpil chwal ak anpil cha lagè. Lamenm, l'al di Elize: Mèt, mèt, malè sou nou ! Kisa nou pral fè la a ?¹⁶ Elize reponn li : Ou pa bezwen pè ! Nou gen plis moun avèk nou pase yo. ¹⁷ Lèfini, Elize lapriyè Senyè a, li di : Senyè, tanpri louvri je l' pou l' wè ! Senyè a louvri je domestik la. Domestik la wè tout mòn lan te kouvri ak flanm dife an fòm kavalye ak cha lagè bò kote Elize. 2 Wa 6.15–17

Paske Lespri Bondye ban nou an pa fè nou wont moun. Okontré, Lespri Bondye a ban nou fos, renmen ak pouvwa pou kontwole tèt nou. 2 Timote 1.7

Perèz se yon lòt emosyon ankò ki konn ban nou pwoblèm detanzantan. Menm jan ak dekourajman, perèz kapab anpeche nou fè sa ki bezwen fêt.

Lè sèvitè Elize a te wè lame Siryen toutotou lavil la, li te pè. Li te kriye konsa : « Mèt, mèt, malè sou nou ! Kisa nou pral fè la a ? » Sèvitè a te kapab wè danje a, men li pa t' kapab wè pwoteksyon Senyè a, e konsa li te pè. Konsa tou nan Nouvo Testaman an, Timote te yon jenn evèk ki te anfas anpil difikilte kòm yon lidè legliz. Genlè Timote te gen tandans rekile devan pwoblèm li yo. Difikilte nou yo kapab espoze nou—yo kapab devwale feblès nou yo oubyen montre kijan nou san kalifikasyon. Lè nou nan difikilte nou yo, nou ka remake moun vin pa renmen nou ankò tou. Nou pa konnen tou sa ki te nan tèt Timote, men nou konnen Pòl te souvan ankouraje li pou l' pa pè. « Lespri Bondye ban nou an pa fè nou wont moun ! » Depi nou pè, se santiman nou ki pran kontwòl nou, e nou ka asire se pa Bondye k'ap dirije nou lè sa a. Pamwayen lafwa nou dwe venk santiman nou yo, paske nou pa ka konfyé yo. Se Bondye nou ka konfyé.

Elize pa t' lapriyè Bondye pou Bondye retire danje lame Siri a devan yo. Li te sèlman lapriyè pou mande Bondye louvri je sèvitè li a. Lè sèvitè a te wè mòn nan plen avèk cha dife Senyè a, li te konprann ke li te an sekirite nan mitan gwo danje sa a. Epi tou, Pòl pa t' di Timote ke Bondye tapral retire difikilte yo devan li. Okontré, li te asire Timote sou ki pisans Sentespri Bondye a ban nou. Lame espirityèl Senyè a envizib. Lespri Senyè a ki rete andedan nou envizib tou. Se sèlman pamwayen lafwa nou kapab asire sou reyalite espirityèl sa yo.

Lè nou konprann ki pwoteksyon Senyè a ban nou pamwayen lafwa, perèz kapab tounen konfyans. Nou pa abòde danje ankò selon santiman nou yo ki vle fè nou konnen nou san pwoteksyon e nou fèb. Men, nou abòde danje avèk konesans ke se lame Toupisan an ki antoure nou e ki pwoteje nou.

Depi konfyans nou se yon konfyans ki chita sou lafwa, nou pa oblige kite santiman perèz dirije nou ankò. Nou kapab fè fas avèk danje e difikilte nou yo avèk lafwa ke nou konplètman anba pwoteksyon Bondye. « *Si Bondye pou nou, kileks ki ka kont nou ?³⁵ Kisa, atò, ki va fè nou pèdi renmen Kris la gen pou nou an ? Soufrans ka fè nou sa ? Osinon, kè sere ? Osinon, pèsekisyón ? Osinon, grangou,*

mizè, gwo danje, lanmò ?³⁷ Men sou tout bagay sa yo, nou genyen batay la nèt ale, granmèsi moun ki renmen nou an.³⁸ Paske, mwen gen lasirans anyen pa ka fè nou pèdi renmen Kris la gen pou nou: ni lanmò, ni lavi, ni zanj Bondye yo, ni lòt otorite ak pouvwa ki nan syèl la, ni bagay ki la jodi a, ni sa ki gen pou vini pita,³⁹ ni pouvwa ki anwo nan syèl la, ni pouvwa ki anba tè a. Non. Pa gen anyen nan tout kreyasyon Bondye a ki ka janm fè nou pèdi renmen Bondye fè nou wè nan Jezikri, Senyè nou an » (Women 8.31–39).

Kesyon Pou Etidye :

1. Ki danje sèvitè Elize a te wè ak je li yo ? Èske se te yon vrè danje ?
2. Ki pwoteksyon sèvitè Elize a pa t' wè ? Èske se te yon vrè pwoteksyon ?
3. Ki lapriyè Elize te fè pou sèvitè li a ?
4. Kisa ki te rive nan sityasyon an ?
5. Ki difikilte Timote te konn rankontre kòm yon lidè legliz ? Ki perèz li te ka genyen ? Fè yon lis tout lòt vèsè kote Pòl t'ap bay Timote ankourajman nan lèt 1 Timote ak 2 Timote yo.
6. Kisa perèz ye ?
7. Pou ki rezon Bondye pa toujou retire danje sou wout nou ?
8. Ki kalite bagay nou soufri ? Fè lis kèk bagay Pòl te soufri. Kote pwoteksyon Bondye ye lè Kretyen yo soufri ? Ki limyè Matye 10.28–31 ban nou sou kesyon sa a ?
9. Fè lis tout asirans nou jwenn nan Women 8:31–39.
10. Kisa konfyans ye ? Kijan konfyans diferan avèk awogans ?

(liv sa a va kontinye nan pwochèn edisyon an)

—John Coblenz

Itilize avèk pèmisyon : Christian Light Publications, Inc

Harrisonburg, VA Ozetazini

Tout dwa rezève



Salad Poul ak Ponmdetè

Engredyan yo :

½ kilo ponmdetè

½ kilo kawòt

1 tas pwa dous

1 blayi poul

2 tas mayonèz

1 tas lèt

2 ti kiyè moutad

sèl

piman


Preparasyon :

Koupe ponmdetè ak kawòt yo fè ti kib. Kwit ponmdetè yo, kawòt yo, ak pwa dous yo ansanm. Kwit poul la apa jouk li mou.

Koupe vyann poul la epi melanje l' ak ponmdetè yo, kawòt yo, epi pwa dous. Nan yon lòt bòl, mete mayonèz, lèt, moutad, epi ase sèl pou ba l' gou. Brase melanj sa a ansanm ak lòt engredyan yo. Mete piman si ou vle. Mete l' nan frijidè pou l' fre lè ou prezante li.



SEKSYON JENN



YON TI PRI POU PEYE

YON SELEBRASYON FÈT NESANS

Chapit 22a

Gwo espikè yo nan prizon an te fè yon bri. M' te reveye. M' twouve m' nan yon kan travay ankò. Fwa sa a, mwen pa t' twò lwen lavil Iku. Mwen pa ka rakonte tout esperyans mwen te fè yo pandan m' te la. Se kont pou m' di se te yon epòk ki pa t' fasil pou mwen. Men li te yon ti kras pi bon pase lè m' te nan Koloni Nimewo 9.

Gwo espikè a te fè bri ankò : « Korev, parèt nan biwo a. »

Anons lan te fè m' pantan. Mwen te eseye rete kalm, men se te yon lavalas emosyon ki t'ap bouyi monte andedan m' pandan mwen te leve pou m' ale. Kou m'

te mete pye m' deyò a, yon van frèt te frape m' nan figi. Nan mwad Novanm, zòn sa a te deja gen plis fredi pase zòn kote madanm mwen ak pitit mwen yo t'ap tann mwen, nan vil Modova.

Pandan mwen t'ap mache nan nèj pou travèse lakou a, espwa t'ap jayi nan kè m'. Èske yo te rele m' pou yo pale sou fen santans mwen nan mwad Desanm ? Mwen pa t' menm rete yon mwa ankò anvan dat la ta sipoze rive.

Anpil bagay ki te pase deja t'ap pase devan je m' nan moman sa a. Mwen t'ap sonje okazyon an kote m' te resevwa santans lan pou m' fè yon lòt peryòd ankò nan prizon.

Jij la alepòk te gade m' dwat nan je m'. Li te di : « Santans lan va pran fen jou ki 19 Desanm 1986. »

Dat sa a te espesyal paske se te dat nesans mwen. Èske jij la te konn sa ? Jan li te gade m' te fè m' santi li te vle di yon bagay. Èske li te vle montre m' li te konprann mwen ? Mwen pa t' ka fin konnen.

Koulye a, prèske de (2) ane te fin pase, epi mwen t'ap avanse pou m' antre nan biwo a.

Mwen te tande yo di konsa : « Ranje afè ou. N'ap voye ou Modova. »

Mwen sipoze machwè m' te rive atè tèlman m' te sezi. Modova ! Pou m' rive la, fok mwen te travèse prèske mwatye teritwa Ris la.

Mwen te eseye poze kesyon : « Kisa ? N'ap voye m' Modova? Poukisa ? »

Repons lan te sèk : « Pa poze kesyon. Al dèyè bagay ou yo. »

Malgre tout tan mwen te fè nan prizon deja, malgre tout esperyans mwen te fè yo, epi malgre tout sezisman mwen te sibi epi tout bagay ineksplikab ki te rive m' deja, mwen te nan fenwa nan moman sa a. Poukisa yo ta transfere m' Modova pandan jou a te prèske rive pou m' lage ?

De (2) gad te mennen m' nan estasyon an kote tren yo te toujou pase. Nou te monte yon tren ki tapral mennen nou Omsk. Lè n' te desann tren an, yo te mennen m' nan yon prizon. Se te premye fwa mwen te oblige fè yon vwayaj tou minote. Oparavan, yo te annik mete yon gad sou chak bò, epi men m' te lib.

Nan demen, yo te mennen m' ayewopò. Machin lan te rive sou pis la kote de (2) gad te pouse m' monte avyon an. Fwa sa a, yo pa t' mete minòt. Ala yon esperyans !

Apre sèt (7) ane nan prizon, yon ti mache nan lari ansanm ak moun ki lib se te yon mèvèy—se te tankou yon rèv.

Vòl la te mennen nou Kiv, se te kapital Ikrèn. Lè ayyon an te ateri, mwen te debòde ak emosyon ki te etranj pou mwen. M' te konn antre nan vil sa a souvan lè m' t'ap mache preche. Koulye a, mwen t'ap antre kòm prizonye, malgre yo t'ap aji avè m' kòmsi mwen te yon prizonye espesyal. Mwen pa t' janm mete nan tèt mwen chèf yo t'ap ban m' tèl onè pou yo mennen m' lakay mwen nan fason sa a. Pi souvan, lè yon prizonye te lage, se lage yo te lage l' nan lari san l' pa t' menm gen fason pou l' monte yon tren pou l' ale lakay li.

Se lè sa a mwen te sonje yon bagay ki te rive yon jou swa. Mwen t'ap priye bò kabann mwen nan prizon an. Kòm òdinè, mwen te priye pou fanmi mwen. Men sibitman Bondye te ban m' yon revelasyon. M' tande Li di : « Mande m' sa ou vle, epi Mwen va fè li pou ou. » Se kòmsi yon moun t'ap pale nan zòrèy mwen vre.

Li te fè m' sonje yon priyè mwen te fè lè m' te nan Koloni Nimewo 9, lè m' te deside bay vag epi tou mouri. Men fwa sa a se te diferan. Mwen te santi Bondye t'ap pèmèt mwen mande pou yon bagay espesifik.

Ak tout kouraj, mwen te di : « Senyè, pèmèt mwen jwenn libète jou fêt mwen ! »

Se pa t' yon bagay ki te twò dwòl paske jij la te déjà fikse dat la pou santans mwen an fini. Se te jou dat nesans mwen. Men, mwen te byen konnen sistèm leta a ak kijan sa pa t' fasil pou yon moun lage nan dat yo te anonse a vre. Sitou pou mwen menm, sa pa t'ap fasil. Te genyen anpil moun ki t'ap travay pou fè m' bwè prizon plis toujou.

Lapriyè m' te kontinye. Mwen te di : « Epi, fè yon fason pou m' lakay mwen, nan Kichnev, jou mwen lage a. » Men ki kote lide sa a te sòti ? Mwen sonje mwen te oblige souri lè m' te mande sa a. Mwen te byen lwen lakay mwen nan mitan yon zòn ki te rele Siberi. Pou m' rive Kichnev, fòk mwen te fè plizyè jou nan wout. Malgré sa, yon bagay te pouse m' mande sa m' te mande a.

Koulye a, nan kapital Youkrañ lan, mwen t'ap sonje menm priyè sa a ki te fet kèk mwa pase. Èske se Bondye menm ki t'ap reponn priyè mwen ? Yon sèl lajwa te monte andedan kè mwen.

Mwen te pase nwit lan nan yon prizon lavil Kiv. Nan demen, yo te mennen m' ayewopò ankò. Yon bon pati nan mwen t'ap reziste ak lide a. Kijan yon ti priyè konsa

te ka rive jwenn repons ? Fòk se yon mirak Bondye ki pou ta fè sa. Malgre sa, li te toujou parèt enposib. Mwen te kòmanse santi espwa pandan vòl la t'ap mennen nou Kichnev.

Lakay ! Anpil imaj te antre nan lespri m'. Kòman sa pral ye pou m' chita lakay mwen ak pitit gason m' yo ki fin gran koulye a ? Premye bagay pou m' fè se chache fè konesans avèk yo ankò. Epi, Vera ! Pandan li t'ap vizite m' dènyèman, mwen te remake kèk ti pli nan vizaj li. Mwen te konsyan lavi a pa t' fasil pou li pandan mwen te nan prizon. Èske n'ap kapab konprann youn lòt ankò tankou mari ak madanm ? Kè m' te nan yon batay avèk plizyè emosyon.

(Istwa sa a ap kontinye nan pwochèn edisyon an)

—Harvey Yoder

Itilize avèk pèmisyon |TGS International |Berlin, Owayo, Ozetazini |Tout dwa rezève



Aktivite Timoun

REPONS

1. Mata te fèmen pòt bwat li a avèk fòs.
2. Li t'ap travay ak Jilya, epi sanble Jilya te vòlè lajan li.
3. Li te konn vòlè kreyon, liv, ak lajan.
4. Li te eseye fè yon fo chèk pase (epi li te nan prizon pou sa).
5. a. Li te konnen lòk la te kase nan bwat Mata a.
b. Li te konnen Mata te genyen de (2) dola nan pòch rad li.
6. Paske si Jilya gentan kite lakou lekòl la avèk kòb la, yo pa t'ap genyen prèv se li menm ki te pran kòb la.
7. Li te fè direktè a konnen Jilya te apenn konvèti, epi li pa pran afè moun ankò.
8. Li te mande Jilya eskiz pou jan li te reponn, epi li te asepte envitasyon an pou l' al' lakay li.

SEKSYON TIMOUN



Mata Fè Move Djiman

Mata te fèmen pòt bwat li a ak fòs. Pow ! Kòb li te kite nan pòch kòsaj li a pa t' la ankò. Se yon sèl moun ki te ka pran li. Se te Jilya.

Mata te anraje. Li te mete nan tèt li Jilya pa t'ap fè yon bagay konsa apre li te konvèti. Mata te toujou yon bon zanmi pou Jilya. Koulye a, Jilya te vòlè afè li.

Jilya te gen abitid pran sa ki pa pou li depi lontan. Lè l' te nan premye ane, li te vòlè kreyon. Li te vòlè liv. Li te vòlè kòb depi li te jwenn okazyon.

Sa te di pou Mata toujou rete yon zanmi pou Jilya. Mata te envite l' nan Lekòl Dimanch. Li te envite l' nan kèk lòt aktivite legliz la te fè. Apre sa, yon bon jou, Jilya te konfyé lavi li nan men Kris. Tout moun te rejwi. Sanble Jilya te yon kwayan tourbon koulye a.

Mata te konfyé Jilya alepòk. Fanmi Jilya se te youn nan fanmi ki te pi pòv

nan katye a. Papa a te rele Jakòb, epi li te nan prizon paske li te eseye fè yon fo chèk pase. Konsa, moun nan katye a te konn di se te yon fanmi ki toujou sou vòlè depi yo jwenn chans. Genyen moun ki te panse sa ka chanje koulye a dèses Jilya te konvèti.

Mata t'ap panse : Men wi. Genyen bagay ki chanje toutbon. Koulye a, Jilya ka vòlè afè moun pi fasil paske yo konfye li. Enben, depi jodi a, mwen p'ap fè l' konfyans ankò. Jamè ankò !

Se te lè rekreyasyon epi tout elèv yo te sòti deyò deja. Jilya te antre nan ti chanm lan kote elèv yo te genyen bwat pou afè pèsonèl yo. Li t'ap chache yon lòt rad mete sou li poutèt fredi ki te genyen deyò a. Se poutèt sa Mata te asire Jilya te ouvri bwat pa l' epi te pran kòb la.

Èske Jilya pa t' konnen lòk la te kase nan bwat Mata a ? Èske li pa t' konnen de (2) dola yo te nan pòch kòsaj la ? Koulye a, kòb la pa t' la. Kilès ankò ki te ka koupab ?

Mata te panse petèt li dwe al pale ak Jilya. Apre sa, li te deside pa di anyen. Lòt medam yo te konnen Mata te konprann Jilya te konvèti koulye a. Genyen nan yo ki te pran plezi ak Mata paske li te kwè nan Jilya. Yo te fè l' konnen anvan lontan li pral wè kilès moun Jilya ye vre. Ou vòlè, ou vòlè nèt.



Jilya te adrese Mata :

« Mata, mwen ta renmen ou vin lakay mwen Samdi. Nou kapab gade lesон lekòl dimanch lan ansanm. Mwen ta renmen pou manman m', papa m', ansanm ak frè m' yo konvèti tou. Ou kapab ede m'. »

Mata te reponn tou rèd : « Sispenn fè jwèt sa avè m'. » Pou Mata, ti kesyon Jilya te poze a se te yon fason pou Jilya eseye kouvri zak li te fè a. Se sèten. Mata te kouri antre nan salklas la. Li te ouvri liv jeyografi a, men mòn yo ak rivyè yo te sanble y'ap danse devan Mata sitèlman li te distrè. Li te fache paske li te mete nan tèt li Jilya te chanje, epi kounyeya, li te regretté sa. Se yon vòlè li ye. Li pa chanje kras. Mata te santi fòk li fè yon bagay nan sa kanmenm.

Mata te leve kanpe. Li vire sou pwofesè a epi li di : « Èske mwen mèt ale nan direksyon an ? »

Pwofesè te gade lè a. Li di : « Talè lekòl va lage. Ou mèt ale lè nou lage. »

Mata te santi li pi bon. Petèt Jilya va konfese anvan yo antre lekòl demen. Lè Mata te voye je l' sou Jilya, Jilya te souri bay li kòmsi pa gen anyen.

San wont ! Li vòlè afè m', apre sa li souri ban mwen ak tout san fwa l' !

Mata te adrese pwofesè a : « Se ijan. Fòk mwen adrese direktè a koulye a menm. »

Pwofesè a di konsa : « Dakò, Mata. Ou mèt ale. »

Direktè a te okipe. Mata te chita tann. Si Jilya ta rive kite lakou lekòl la avèk kòb la, pa t'ap gen fason pou yo kenbe l' ankò. Finalman direktè a te rele Mata avanse.

Direktè a te adrese tifi a avèk sajès : « Kijan mwen ka ede ou ? »

Mata tonbe esplike : « Enben, se yon kesyon lajan. Mwen prale nan yon kou mizik apre lekòl lage jodi a. Mwen te pote de (2) dola pou m' peye kou a. Mwen te genyen kòb la nan yon kòsaj ki te nan bwat mwen an, epi... »

Direktè a te kanpe tifi a la. Li di : « Eskize m', Mata. Èske kòb la te la nan bwat ou a nan blòk inè edmi konsa ? »

Mate te reponn : « Wi. Poukisa ? »

Direktè a te esplike : « Se paske Jilya te vin ban nou de (2) dola li te jwenn atè pamí bwat elèv yo. Mwen sisplèk se pou ou lajan an ye. Petèt li te tonbe. Mwen te byen sezi lè Jilya te pote kòb la vini paske li te konn gen ti pwoblèm ak bagay konsa. Sanble Jilya ap chanje, men mwen pa ka di pou ki rezon. »

Mata te pale ak direktè a : « Enben, Mesye Lasòn, se paske Jilya se yon

Kretyen koulye a. Li pa pran sa ki pa pou li ankò. »

Direktè a te kontan : « Se byen sa ! Men kòb la, Mata. Kontinye ede Jilya tout fason ou wè ou kapab. » Li te lonje de (2) dola bay tifi a.

Mata te di direktè a mèsi. Apre sa, li te santi li anvi kriye pandan l' t'ap mache rive nan salklas la. Li te fè yon erè grav. Se lè sa a li te kontre ak Jilya. Tout lòt elèv yo te gentan ale lakay yo. Jilya te pou kont li. Li te pou kont li fasil poutèt repitasyon fanmi li an. Li te parèt tris. Li pa t' remake Mata devan li.

Mata te rele l' : « Jilya ! »

Jilya te sezi. Li te leve je l'.

Mata di konsa : « Eskize m' pou jan mwen te reponn ou talè la. Si ou vle, m' ta kontan vin lakay ou Samdi. »

Jilya te reponn : « Se vre, Mata ? »

Mata te konfime se vre. De (2) tifi yo te youn gade lòt ak bèl ti souri. Kè yo te plen lajwa.

—Nòmann E. Kinn

Istwa sa a sòti nan yon dokiman ki rele *Bekàn Wouj la* ak Lòt Istwa Ankò

(Près Moudi)

Nou gen pèmisyon tradwi epi itilize atik sa a.



Vèsè Pou Aprann

« *Piga nou fè manti sou frè parèy nou* »
(Egzòd 23.1).



Aktivite Timoun

Reponn kesyon sa yo.

1. Nan istwa sa a, ki premye siyal ki montre yon pwoblèm te pase ?

2. Nan dezyèm paragraf la, kisa ki te fè Mata anvi dekouraje ?

3. Kisa nou konnen Jilya te konn vòlè oparavan ?

4. Kisa nou konnen papa Jilya te fè ki te yon move egzanp pou fanmi li ?

5. Site de (2) bagay Jilya te konnen ki t'ap rann li fasil pou li pran kòb la ?

a. _____

b. _____

6. Poukisa Mata te anvi pèdi pasyans pandan li chita ap tann Direktè a ?

7. Kisa Direktè a pa t' konnen anvan Mata te esplike li sa ?

8. Kisa Mata te fè pou l' ranje sa li te gentan deranje ak Jilya ?

(Repons nan paj 29)

*O*hak pa nou fè
nan lavi sa a
se yon pa
vè lanmò.

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon,
oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason
nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



« Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon... »
(2 Pyè 1.19).

Kisa W'ap Tann Konsa ?

Kisa w'ap tann ?
W'ap tann konsyans ou pwòp ?
W'ap tann yon chemen lavi ki san koub ?
W'ap tann vrè amou ak kontantman ?

Kisa w'ap tann anvan ou viv lamou Kris la ?

Kisa w'ap tann anvan ou viv
San laperèz epi san regrè,
San rayisab epi san ògèy ?

Kisa w'ap tann anvan ou resevwa amou—
Amou ki pa ka gate,

Ki otantik epi ki sòti nan Bondye vivan an ?
Kisa w'ap tann anvan ou retounen vin jwenn Bondye ?

Kisa lemonn ofri ou ?
Plezí ki pa dire, renmen pou yon pri,
Kontantman ki pa rete, bèlte atifisyèl,
Manti, lanmò, epi esklavaj ?

Kisa w'ap tann anvan ou resi libere
Pou ou resevwa benediksyon ak lavi ?
Kisa w'ap tann anvan ou leve epi kase chenn ou yo ?

—Glorya E. Womero Lozano